

PSA 1	
English	COVID-19 vaccines are FREE for everyone. But make sure and ask if there are any other costs with getting vaccinated. No one can be denied a free vaccine if they are unable to pay an administration fee. Once vaccines are widely available, anyone can get vaccinated regardless of immigration status. Protect yourself. Protect your community. Get vaccinated.
Translation	Vaksen yo GRATIS pou tout moun. Men, asire w de sa epi mande si gen nenpòt lòt depans pou pran vaksen an. Yo pa ta dwe refize pèsonn yon vaksen gratis si yo pa kapab peye yon frè administrasyon. Lè vaksen yo disponib tout kote, nenpòt moun ka pran vaksen an kèlkeswa stati imigrasyon ou. Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w. Pran vaksen an.

PSA 2	
English	The COVID-19 vaccine protects you from getting COVID-19. If you still get COVID after you get vaccinated, the vaccine protects you from getting seriously ill. Even if you had COVID-19, you should still get vaccinated. Protect yourself. Protect your community. Get vaccinated.
Translation	Vaksen COVID-19 la pwoteje w pou w pa pran COVID-19. Si ou gen COVID apre ou fin pran vaksen an, vaksen an pwoteje w pou pa malad grav. Menm si ou te gen COVID-19 deja, ou ta toujou dwe pran vaksen an.

PSA 3	
English	COVID-19 vaccines are safe and effective. The vaccine CANNOT give you COVID-19. No other vaccine has been tested as much for its safety in U.S. history. The vaccine has been proven safe for thousands of people, including those of different races, ethnicities and ages. No other vaccine has been tested as much for its safety in U.S. history and millions of people have been safely vaccinated. Protect yourself. Protect your community. Get vaccinated.
Translation	Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas. Vaksen an PA KA ba ou COVID-19. Pa gen okenn lòt vaksen ki te teste pou sekirite li nan nivo sa nan istwa Etazini. Moun ki pran vaksen an deja pa rapoté anken pwoblem grav. Nan gwoup moun sa yo gen diferan nasyon, ras ak laj. Pa gen okenn lòt vaksen ki te teste pou sekirite li nan nivo sa nan istwa Etazini epi plizyè moun gentan pran vaksen an san danje. Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w. Pran vaksen an.

PSA 4	
English	COVID-19 vaccines are safe and effective. Side effects are normal and mean the vaccine is teaching your body how to fight the virus. You CANNOT get COVID-19 from the vaccine. Protect yourself. Protect your community. Get vaccinated.
Translation	Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas. Efè segondè yo nòmal epi yo vle di vaksen an ap montre kò ou kijan pou li konbat viris la. Ou PA KA pran COVID-19 nan vaksen an. Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w. Pran vaksen an.

PSA 5	
English	The COVID-19 vaccine is halal. The COVID-19 vaccine does not contain any animal products. The COVID-19 vaccine does not change your DNA. The vaccine has been proven safe for thousands of people, including those of different races, ethnicities and ages. Protect yourself. Protect your community. Get vaccinated.
Translation	Vaksen COVID-19 la natirèl. Vaksen COVID-19 la pa gen okenn pwodui ki soti nan bèt. Vaksen COVID-19 la pa chanje ADN ou. Moun ki pran vaksen an deja pa rapoté anken pwoblem grav. Nan gwoup moun sa yo gen diferan nasyon, ras ak laj. Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w. Pran vaksen an.

PSA 5	
English	Stay safe after being vaccinated from COVID-19. Right now, experts don't know how long the vaccine will protect you. Even after getting the vaccine, continue to wear a mask, practice social distancing, wash your hands often, and disinfect high-touch areas frequently.
Translation	Pwoteje tèt ou apre ou fin pran vaksen pou COVID-19 la. Kounye a, ekspè yo pa konnen pou konbyen tan vaksen an ap pwoteje w. Menm apre ou fin pran vaksen an, kontinye mete yon mask, pratike distans sosyal, lave men ou souvan, epi dezenfekte zòn ki gen souvan anpil kontak.